



# BOYNTON BEACH COMMUNITY HIGH SCHOOL

4975 Park Ridge Boulevard, Boynton Beach, FL 33426  
Dr. Moody Fuller, Principal

## REZIME PLAN ANGAJMAN PARAN AK FANMI 2025-2026 (PFEP)

Fakilte ak anplwaye Lekòl Segondè Boynton Beach yo ap kolabore ak fanmi yo pou sipòte elèv nou yo pandan yo ap fè efò pou yo vin sitwayen pwodiktif.

### **Reyinyon Anyèl Tit 1**

Reyinyon Anyèl paran Title 1 te fèt Madi, 26 Daout, 2025 a 5 è nan apre midi nan kafeterya. Tout fanmi envite pou patisipe nan reyinyon sa a pou apran plis sou Pwogram Tit 1 nan lekòl nou an ak kondisyon Tit 1 an.

### **Fòmasyon pou Anplwaye yo:**

Objektif nou se amelyore nivo ekselans akademik and responsibilite pwofesyonèl atravè sipò, gwo atant, ak ekite-pou chak elèv, chak pwofesè, chak jou. Pou ede ranfòse kapasite anplwaye yo, fòmasyon devlopman pwofesè sa pral bay:

- *Lyen Pou Paran:* Anplwaye yo pral aprann kijan pou yo voye imèl ak mesaj tèsk atravè Parent Link pou bay fanmi you nouvèl sou kourikoulòm ak nouvèl nan sal de klas la.
- *Pouvwa Koneksyon:* *Angaje Fanmi yo avèk Anpati.* Anplwaye yo pral eksplore estrateji pou konekte ak fanmi yo avèk anpati ak ladrès sosyal-emosyonèl pou konstwi relasyon ki pi solid.

### **Aktivite Angajman Paran ak Fanmi**

Baze sou opinion sondaj fanmi an, nap bay fòmasyon sa yo ki pral ede bati kapasite fanmi yo pou sipòte aprantisaj lakay yo pou amelyore siksè akademik elèv you

- *Chemen Gradyasyon* pou tout elèv ak paran 9èm ane yo ki ap fèt Jedi, 7 Daout 2025 a 5:30 nan aprè midi. Sesyon sa a te para ak elèv yo konprann kondisyon pou gradye ak kijan pou yo swiv pwogrè nan lekòl segondè pou reysisit akademik.
- *Teknik Kominikasyon ak pwofesè.* Paran yo pral aprann kijan pou yo gide pitit yo nan kominikasyon ak pwofesè yo lè yo ap itilize SIS Pasaj Enfòmasyon. Fòmasyon sa a ap fèt nan Madi 14 Otòb 2025 a 6:30 nan aswè.

### **Kominikasyon**



# BOYNTON BEACH COMMUNITY HIGH SCHOOL

4975 Park Ridge Boulevard, Boynton Beach, FL 33426  
Dr. Moody Fuller, Principal

Nou apresye opinyon ou epi nou amelyore estrateji kominikasyon nou yo pou satisfèbezwen ou yo. Ou kapab espere enfòmasyon so pwogram Tit I yo, fòmasyon paran yo, nouèl sou kourikoulòm yo, done evalyasyon yo, ak pwogrè elèv yo ap pataje atravè:

- Platfòm rezo sosyal lekòl la
- Bilten chak semè
- Apè otomatik
- Feyè miltileng yo voye lakay

Angajman nou se kenbe yon kominikasyon ouvè ak kontinyèl ant lakay ak lekòl la.

Aksè pou tout Fanmi

Nou angaje pou nou asire chak fanmi genyen aksè ak evènman ak kominikasyon lekòl la. Pou sipòte sa:

- Nou bay dokiman tradui ak entèprèt
- Reyinyon yo fèt nan espas aksesib
- Nou fikse lè kòmansman yo pou akomode divès orè
- Nou ankouraje fani yo pou yo kontakte asistans adisyonèl jan sa nesesè

Nou vle tout fanmi yo santi yo byenveni epi patisipe na joune edikasyonèl pitit yo.